



Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE POUSANTAJ ENFEKSYON COVID-19 LA ANBA 1 POUSAN POU DIZYÈM JOU AN**

*Pousantaj mwayen enfeksyon an nan 1 pousan oswa pi ba depi mwa jen*

*0.71 pousan tès yo te fè yè pou COVID-19 yo te pozitif— Pousantaj pozitivite chak jou ki pi ba depi kòmansman kriz la*

*6 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè*

*SLA a ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a obsève vyolasyon nan Egzijans Eta a nan 11 etablisman*

*Konfime 408 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 425,916; gen nouvo ka nan 32 Konte*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta New York te gen yon pousantaj tès pozitif pou COVID-19 ki mwens pase 1 pousan pou dizyèm jou a yè. Pousantaj tès pozitif yo, 0.71 pousan, se nivo ki pi ba nan eta a depi kòmansman kriz COVID-19 la. Pousantaj enfeksyon mwayen an se 1 pousan oswa pi ba depi mwa jen. Gouvènè a te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Chif nouvo ka yo, pousantaj tès ki te pozitif ak anpil lòt pwen enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Kounye a, New York gen youn nan pousantaj enfeksyon ki pi ba nan peyi a, epi rejyon yo nan Eta New York ak katye yo nan Vil New York gen konsistans, kidonk, se bòn nouvèl pou tout nimewo yo, epi mwen felisite Nouyòkè yo dèske yo reyalize sa moun te di yo ki pa te posib", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yo te di nou pa ka redui pousantaj enfeksyon an, sistèm lopital nou an t ap sichaje epi nou t ap lakòz li efondre, men, nan ini nou fas ak menas san parèy sa a, Nouyòkè yo te pwouve atant sa yo se pa laverite. Pi devan, nou bezwen pwoteje pwogrè a, sa Nouyòkè yo ka fè nan mete mask, kenbe distans sosyal ak lave men yo, epi gouvènman lokal yo ka fè sa nan ranfòse direktiv eta a."

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 861 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi

li te obsève 11 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Bronx** - 3
- **Manhattan** - 2
- **Queens** - 1
- **Staten Island** - 1
- **Suffolk** - 4

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 534 (+7)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 57
- **Lopital Konte yo** - 28
- **Kantite ICU** - 133 (+5)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 64 (+5)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 74,207 (+53)
- **Kantite Lanmò** - 6
- **Kantite Lanmò Total** - 25,256

Sou 56,891 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 408, oswa 0.71 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

<b>REJYON</b>	<b>VANDREDI</b>	<b>SAMDI</b>	<b>DIMANCH</b>
Capital Region	0.5%	1.2%	0.3%
Central New York	0.9%	0.7%	0.2%
Finger Lakes	0.5%	0.5%	0.5%
Long Island	0.9%	0.8%	0.6%
Mid-Hudson	0.7%	0.8%	0.8%
Mohawk Valley	0.5%	0.3%	0.5%
New York City	1.0%	0.9%	0.9%
North Country	0.2%	0.3%	0.1%
Southern Tier	0.2%	0.1%	0.5%
Western New York	1.3%	0.9%	0.5%

Gouvènè a te konfime tou 408 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 425,916 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 425,916 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	2,657	3
Allegany	80	0
Broome	1,172	6

Cattaraugus	171	0
Cayuga	164	0
Chautauqua	265	2
Chemung	190	1
Chenango	218	0
Clinton	133	1
Columbia	552	0
Cortland	97	0
Delaware	107	0
Dutchess	4,700	14
Erie	9,157	10
Essex	59	0
Franklin	54	0
Fulton	303	0
Genesee	285	0
Greene	298	0
Hamilton	11	0
Herkimer	284	1
Jefferson	143	0
Lewis	47	0
Livingston	178	0
Madison	421	0
Monroe	5,183	18
Montgomery	188	1
Nassau	43,955	26
Niagara	1,532	0
NYC	230,458	235
Oneida	2,201	3
Onondaga	3,680	6
Ontario	369	1
Orange	11,256	2
Orleans	302	1
Oswego	272	1
Otsego	118	0
Putnam	1,463	2
Rensselaer	795	0
Rockland	14,011	4
Saratoga	795	3
Schenectady	1,121	2
Schoharie	69	0
Schuyler	23	0

Seneca	94	1
St. Lawrence	263	0
Steuben	307	1
Suffolk	44,185	26
Sullivan	1,493	0
Tioga	196	1
Tompkins	238	0
Ulster	2,098	3
Warren	312	0
Washington	261	0
Wayne	269	0
Westchester	36,486	33
Wyoming	118	0
Yates	59	0

Yè, te gen 6 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,256. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

<b>Ka lanmò yo dapre konte rezidans</b>	
<b>Konte</b>	<b>Nouvo ka lanmò yo</b>
Albany	1
Bronx	1
Erie	1
Rensselaer	1
Suffolk	1
Westchester	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)